

**Somerville Housing Authority**  
**Règléman pou pa-fimen**  
**(Adopté apati prémyé (1<sup>st</sup>) Septanm 2016)**

---

**1. Objektif.** Objektif Somerville Housing Authority sou règleman pou pa fimèn an se pou rédyi iritasyon ak efè ki rékonet ki pa bon pou santé dezyèm moun kap respiré lafimèn yo tankou rézidan yo, envité yo ak anplwayé kontraktè yo ak tout anplwayé SHA yo. Pou ajouté, règleman pou pa fimèn projté pou diminyé risk difé nan apatman SHA yo ak diminyé nan dépans ke l kouté sevis antrétyen ak nètwayaj ki se rézilta fimèn.

**2. Définisyon Fimèn:** Yo defini fimèn tankou enspiré, ekspiré, réspiré oswa transpòté nenpòt bout siga ki limèn, sigarèt, pip, lòt pwodui takak oswa nenpòt materyèl pou fimèn ki limèn nan nenpòt fason oswa nan nenpòt fòm. Anplis, fimèn dwé fè pati tou de itilizason E-Sigarèt ak pwodui ki menm jan an ki genyen vapè ki ap sòti ladan.

**3. Zòn ki entèdi pou pa Fimènyo :** Apati prémyé (1<sup>st</sup>) Septanm 2016, tout bilding ki nan propriyété SHA yo pwal bilding ki pa-fimèn. Tout apatman ki gen moun kap viv yo ak tout zòn anndan yo ki gen landan yo men ki pa limité ak twalèt komen yo, lòbi yo, chanm kominotè yo, chanm londri yo, koulwa yo, eskalyé yo, élévate yo, balkon yo, nan rantré yo, koulwa yo, galri yo se tout koté ki chwazi pou pa-fimèn. Epi tou lòt zòn ki entèdi pou pa-fimèn tou se nan koulwa SHA yo; nan gazon yo ak nan zòn pakinn yo ki pi ba ke 25 pyé de twati fénèt bilding yo oswa pòt yo, ak tout teren pou jwèt yo ak téren ki gen jwèt timoun yo ki sitiyé nan nenpòt ki koté nan propriyété SHA yo.

Anplwayé Somerville Housing Authority, kontraktè, rézidan aktyèl yo, tout envité yo, ak tout nouvo rézidan nan Somerville Housing Authority yo pa dwé fimèn ak ni otorizé okenn moun fimèn nan zòn ki entèdi pou pa fimèn yo esepé ke, malgré tout pwovision ki sité anwo yo, ke rézidan ak tout vizitè yo dwé pèmèt pou yo itilizé E-Sigarèt ak tout pwodui ki menm jan an ki genyen vapè ke yap enspiré nan pwòp apatman yo abité yo.

**4. Zòn ki aksepté pou fimèn yo:** Anplwayé Somerville Housing Authority, kontraktè, rezidan aktyèl yo, tout envité yo, ak tout nouvo rézidan nan Somerville Housing Authority yo otorizé pou yo fimèn nan propriyété SHA yo pi lwen ke 25 pyé de fénèt bilding yo, pòt yo ak téren jwèt ak tout téren jwèt pou timou yo. Nan nenpòt dévlopman SHA koté ki pa genyen zòn ki pi plis ke 25 pyé de fénèt bilding yo, pòt yo ak téren jwèt yo ak tout téren jwèt pou timou yo, épi SHA dwé chwazi (aprè l fin konsilté ak rézidan yo) youn oswa plis zòn ki kléré koté rézidan yo ak envité yo kapab fimèn nan dévlopman an. SHA pwal posté siy ki endiké tout koté li chwazi pou moun kapab fimèn. Fimèn ta dwé tou otorizé sou twotwa vil la ki déziyen pou moun maché yo kèlkeswa konbyen pyé ke l ye de bilding SHA yo ak téren jwèt yo.

**5. Rapò Rézidan sou Sispèk ki Vyolé yo:** Si yon rézidan oswa yon anplwayé SHA rémaké oswa obsèvé yon vyolasyon de règleman an, yo kapab rémèt yon rapò volontè bay Manadjè Housing lan pi rapid ke l posib. Manajman pwal chèché sous koté yap fimèn an épi pran aksyon ki apwopriyé.

**6. Promosyon sou Règleman pa-fimèn an.** SHA pral afiché siy pa-fimèn ak pwomoté règleman sa a nan réyinyon ak diskisyon avèk rezidan yo, epi ranfòse konfòmité avèk règleman sa a. Pwal genyen enfòmasyon sou kijan pou sispann fimèn ki ap disponib pou tout rézidan ki ta sweté

patipisipé ak jwenn enfòmasyon sou pwogram pou kite fimèn, ak kèk pyès enfòmasyon konsènan ki sipò ou kapab jwenn nan men moun ki bay asirans yo. Somerville Housing Authority pwal sipòtè ak travay avèk konsèy rezidan yo oswa kèk gwoup rezidan ki kapab pètèt swètè itilize sal kominotè nan devlopman yo pou òganize gwoup sipò pou pa fimèn pou rezidan yo. Tout nouvo rezidan yo pwal jwenn yon kopi règleman pou pa fimèn an e yo pral egzijé pou yo siyen yon addendum pou pa-fimèn nan kontra-lwayé yo nan moman yap siyen kontra yo. Kontra sa a pwal rète nan dosyé rezidan an. Rezidan aktyèl yo pwal jwenn yon kopi règleman pa-fimèn an e yo pral egzijé pou yo siyen yon addendum nan dat premyé (1<sup>st</sup>) Out 2016 ki pwal rète nan dosyé rezidan an, ak tout yon kopi ki al jwenn rezidan an.

**7. Ranfòsman Kontra a sou Règleman Pa-Fimèn an:** Mèt kay la pral siyen yon kontra lwayé épi aksepté ke tout manm ki lakay li yo la ak tout envité nan kay la pral obéyi avèk règleman pou pa fimèn an. Chak moun ki antèt yon kay pral responsab pou l asiré l ke tout manm ki nan kay la, vizitè ak envité yo obéyi a règleman pa fimèn an. Nenpòt vyolasyon nan règleman pa fimèn an pral konstityé yon vyolasyon nan kontra lwayé kay la ak rézon pou kòmansé solisyon pou apliké ranfòsman. Tout rezidan ki an vyolasyon ak règleman sa apwal résévwa yon avètisman alékrit pou premyé ofans lan; yon avètisman alékrit pou dézyèm vyolasyon an; ak yon démann pou yon konfèrans avèk manadjè Housing nan pou twazèm ofans lan. Atwavè tout étap pou ranfòsman yo, Manadjè Housing nan pwal patajé résous pou sispann fimèn a rezidans an. Sou katryèm ofans lan, SMHA pral kòmansé avèk pwosès degèpisman, nan ka sa a li pral voyé yon avi pou tèminasyon ak konfèrans. Rezidan an ap gen dwa pou dépozé yon plent dapre règleman sou pwosedi plent SHA a si pwoblèm pa rezoud pou satisfaksyon rezidan an.

**8. Somerville Housing Authority/Pwopriyètè a pa yon garanti pou yon anviwonman ki pa-fimèn.**

Adopsyon SHA pran sou règleman pa fimèn an pa fè SHA alévwa pou ke nenpòt ajan ki ap jéré l kapab garanti santé rezidan yo oswa kondisyon apatman rezidan yo sou zafè pa fimèn nan zòn komen yo. Men, SHA ap pran tout étap ki rézonab pou l apliké tèm règleman pa-fimèn an nan kontra lwayé l yo ak fè tout zòn ki pa entèdi pou pa-fimèn yo vin pa-fimèn osi rézonab ke l posib. SHA pral adresé vyolasyon sou règleman sa a kou SHA gen konesans aktyèl MHA sou fimèn an oswa si SHA te bay avi sou fimèn an e ki di ke avi sa a kapab pwouvé.

**9. Limitasyon pa Somerville Housing Authority/ Pwopriyètè.** Adopsyon règleman pa fimèn an SHA a pa nan okenn fason chanjé nivo swen ke SHA oswa ajan kap jéré l la ta genyen nan kay yon rezidan pou l rann bilding ak lokal ki chwazi yo kòm zòn ki entèdi pou pa fimèn yo vin pi ansekirite, pi abitab, oswa amelyoré tèm sou kalite lè estanda pasé nenpòt ki lòt pwopriyète ki pou lwé. SHA spesyalman démantè nenpòt ki enplikasyon oswa eksprimé ke okenn bilding nan zòn komen yo, oswa kay rezidan yo pral genyen nenpòt pi gran oswa kalite pi bon lè ka pwal geneyn pou respiré a pwal amelyoré pasé nenpòt lòt pwopriyete ki pou lwé. SHA pa kapab e l pa garanti oswa pwomèt ke kay pou lwé yo oswa zòn komen yo pwal san fimèn pou dézyèm moun ki pa fimèn yo. kapasite SHA pou l sivéyé, kontwolé oswa ranfòsé addendum kontra pou pa-fimèn an depann de plizyè pati sou obsèvasyon volontè rezidan yo ak envité rezidan yo, ansanm avèk tout rezidan ak envite yo nan lòt pati nan zòn ki entèdi pou pa fimèn yo. Tout rezidan yo ki soufri maladi respiratwa, ki alèji oswa lòt kondisyon fizik oswa mantal ki gen rapò a fimèn ap résevwa avi ke SHA pa responsab okenn obligasyon sipéryè oswa swen ki pi elve pou fè respèkté addendum nan kontra-lwayé a pasé nenpòt ki lòt obligasyon anba kontra lwayé a.